

# PWOGRAM BYEN VIV



**Gid pou mennen dyalòg  
sou byen viv ak jèm SIDA**

**Seyans Kloti**

7



**USAID HAITI**  
ED PEP AMERIKEN



# PWOGRAM BYEN VIV



**Gid pou mennen dyalòg  
sou byen viv ak jèm SIDA**

**Seyans Kloti**

**7**







- Fè rezime pwen enpòtan ak mesaj kle pou chak tèm
- Ankouraje patisipan yo fè pase mesaj nan kominote-a sou tèm yo



### *Dire seyans la : 3zèdtan*

## Dewoulman seyans lan

### 1. Entwodiksyon (10 minit)

- *Di patisipan yo bèl bonjou, mande yo kouman rès fanmi yo ye.*
- *Mande patisipan yo chita an wonn, si sa pat deja fèt.*
- *Mande yon patisipan pou fè yon rezime pwen kle ki te diskite nan seyans anvan-an*
- *Mande kèk lòt patisipan pou konplete*
- *Korije ou menm oswa konplete si sa nesesè*
- *Eksplike kijan seyans jodi ya pwal pase*

### 2. Rafrechri memwa sou tout seyans yo (50 minit)

- *Salye patisipan yo, di yo bèl bonjou, mande yo kouman yo ye, kouman fanmi yo ye*
- *Envoite patisipan yo chita an wonn, epi pase fèy pwezans-la pou yo siyen*

- Mande yon patisipan pou eseye sonje ki tèm ki te trete nan seyans yo
- Mande menm patisipan sa chwazi yon lòt parèy li pou konplete. Kontinye egzèsis la jiskaske yo rive site tout tèm yo nèt
- Mande yon patisipan ki poko pale di ki pwen enpòtan ki te diskite sou tèm « Sewopozitivite » a. Le li fin reponn dil chwazi yon lòt patisipan pou di lòt pwen enpòtan toujou
- Kontinye egzèsis la jiskaske patisipan yo di tout pwen enpòtan yo
- Fè menm jan jiskaske ou rive pase tout tèm dyalòg yo
- Koute repons yo, fè kòmantè epi ajoute si sa nesèsè
- Mande patisipan yo site tout kote yo konnen nan zòn kote yap viv la ki fè tès oswa ki bay sèvis nan zafè Sida
- Koute repons yo,ajoute si sa nesèsè
- Fèyonrapèl pou yo sou :
  - o Enpòtans tès depistaj pou patnè yo, fanmi yo, zanmi ak lantouraj yo
  - o Enpòtans pou sipòte moun kap viv ak jèm SIDA pou l ka rete fidèl nan trètman li.

### 3. Pwezantasyon chan ak pyesèt (120 minit)

Mande patisipan yo vin jwe pyesèt yo te pwepare davans yo. Pou fè sa byen nap mande chante chan epi jwe pyesèt yo nan menm lòd ak jan seyans yo te pwezante yo:

- Pyesèt sou tèm : sewopozitivite
- Pysèt sou tèm : pwoteksyon sante

- *Pysèt sou tèm : pwoteksyon sante seksyèl*
- *Pysèt sou tèm : rete fidèl nan swen ak tretman*
- *Pysèt sou tèm : estigmatizasyon ak diskriminasyon*
- *Aprè pwezantasyon yo di moun ki te jwe pyesèt yo mèsì, bat bravo pou bèl pèfòmans yo.*
- *Après a fè rezime pwen ak mesaj kle yo. Si genyen kèk enfòmasyon ki pat byen di nan pyesèt yo korije yo dekwa pou patisipan yo pa ale ak move mesaj nan tèt yo*

#### 4. *Orewwa*

- *Di tout moun mèsì, fè yo bat bravo pou tèt yo*
- *Di tout moun orewwa*
- *Envite tout moun pran yon goute oswa yon rafrechisman si genyen*



## NÒT POU MOUN KAP MENNEN SEYANS KLOTI YA

Li enpòtan nan fen seyans yo, pou mande patisipan yo, opinyon yo sou aktivite a an jeneral. Kòmantè ak rekòmandasyon yo ap pèmèt reyalize lòt aktivite menm jan an pi byen toujou si sa posib animate a ka mande patisipan ki vle envite 1 oswa 2 moun pwoch tankou paran, fanmiy oswa vwazinaj pou vi-n asiste pyesèt yo.

Animate a kapab ede patisipan yo pwepare chan ak pyesèt yo